gazetavpered@list.ru

*Ассаламу гIалайкум!*

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№37 (6866) * 14 СЕНТЯБРЬ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 3 РАБИГIУЛ АХИР 1448 с. *

# Рищиязда гIахьаллъи гьабизе ккела

**Нилъеда киназдаго лъала гьелъул хIакъалъулъ гIемераб бицунебги буго, 2026 соналъул 18, 19, 20 сентябралда. ТIолгороссиялдаго гIадин нилъер районалдаги тIоритIизе руго Россиялъул Пачалихъалъулаб Думаялдеги ва Дагъисталъул Халкъияб Собраниялдеги депутатал рищиялъул рищиял.**




Пачалихъалъул Думаялде депутатал рищиязда гIахьаллъулел руго 10 политическияб партия.

1. Всероссийская политическая партия «ЕДИНАЯ РОССИЯ»
2. Политическая партия ЛДПР - Либерально – демократическая партия России
3. Политическая партия «Партия прямой демократии»
4. Политическая партия «Российская экологическая партия «ЗЕЛЁНЫЕ»
5. Социалистическая политическая партия СПРАВЕДЛИВАЯ РОССИЯ
6. Всероссийская политическая партия «РОДИНА»
7. КПРФ – политическая партия коммунистическая партия российской федерации
8. Политическая партия «РОССИЙСКАЯ ПАРТИЯ ПЕНСИОНЕРОВ ЗА СОЦИАЛЬНУЮ СПРАВЕДЛИВОСТЬ»
9. Политическая партия КОММУНИСТИЧЕСКАЯ ПАРТИЯ КОММУНИСТЫ РОССИИ
10. Политическая партия «НОВЫЕ ЛЮДИ».

Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялде депутатал рищиязда гIахьаллъулел руго 5 политическияб партиязул регионалиял отделениял.

1. Партия «Единая Россия»
2. Партия «ЛДПР»
3. Партия «Справедливая Россия»
4. Партия «КПРФ»
5. Партия «Новые люди»

Гьезда гьоркьоса мустахIикъазда цIарчIвазе кьун буго нилъехъе ихтиярги.

РАЧIА КИНАЛГО РИЩИЯЗДЕ.




## СЛУЖБА ПО КОНТРАКТУ

**До 31 августа включительно в Республике Дагестан предусмотрена дополнительная выплата для граждан, заключающих контракт с полком резерва на 1 год и более – военнослужащему выплачивается единовременные денежные выплаты в размере до 4 500 000 руб.:**

400 000 руб. – федеральная выплата;
500 000 руб. – региональная выплата;
3 000 000 руб. – региональная выплата (подразделения резерва);
от 100 000 до 600 000 руб. – выплаты от городов и муниципальных образований;
Зарплата военнослужащих начинается от 210 тысяч рублей в месяц.
от 6 500 000 — итого за год, с учетом единовременных выплат и заработной платы.
Заработная плата – от 210 тысяч рублей в месяц.
До 300 тысяч рублей увеличена единовременная выплата добровольцам отряда «Каспий».
Дополнительную информацию можно получить в пункте отбора по Дагестану: **8 (989) 484-69-95.**

117 фед. номер | Пункт отбора по РД 8 (989) 484-69-95




## 15 сентябрь – Халкъазул цолъиялъул къо!

**Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо – 15 сентябрь кIодо гьабизе байбихьана ДРялъул нухмалъулесул указалдалъун 2011 соналдаса нахъе.**

Гьеб къо кIодо гьабиялъе гIиллалъун ккана 1741 соналъ Иранаъул Надир – шагь нилъер ракьалде кIанцIидал, шагьасул къей лъачIеб кутакаб бо щущахъ биххизабуна Дагъистаналъул батIи – батIиял миллатал цолъун гьезда данде рахъиналъ.

Нилъер халкъалъул гьеб бахIарчилъи кIочене тун букIана чанги гIасрабаз.

Къуватав тушман, цогояб ВатIаналде бугеб рокьиялъ батIи – батIиял мацIазул, гIадатазул гIамал – хасиятаъул миллатал цолъун, нахъе вачахъалъиялъул мисал кIоченчIого букIинелъун чIезабуна гьеб къо байрамлъунги.

Дагъистаналъе ва Дагъистаниязе жакъа цIакъго хIажат буго халкъазул цолъи. Дагъистаналъул тарихалда гIемерал руго хIужаби, сундухъго балагьичIого, киналго миллатал цолъун, цо хъизан гIадин цадахъ рахъун цолъун чIеялъул. Цолъи гьеб букIана нилъер къиматаб бечелъилъун.

Жакъасеб Дагъистаналъул халкъазе цолъи ккола, Дагъистаналъул жамгIияб цолъи, социалиябгун экономикияб рахъ цебетIей, хIинкъи гьечIолъи цIуни ва гвангъараб букIинеселде гали тIами, нилъер наслабазе цогояб, эркенаб ва тIегьалеб Дагъистан цIуни.

РакI – ракIалъ баркула киналго районцоязда Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо. РакIчIараб буго нужер щивас Дагъистаналда цолъи букIиналда гъорлъ жиндирго бутIа лъелин.

Гьарула нужее щулияб сахлъи, рекъел, парахалъи ва талихI.

**Хьаргаби районалъул бетIер**
**М. ТIАГЬИРОВ**



# ХIалтIаби унел руго





**ТIабигIияб балагьалъул хIасилалда тIасан автотранспорт ва гIадамал ине гьукъун бугеб БагIараб кьода гьеб капиталияб къагIидаялда къачIаялъул хIалтIаби тIадран унел руго.**

Гьел хIалтIаби тIоритIулел руго «Сибрегионстрой» гIуцIиялъ цебеккунго бахъун бугеб графикалда рекъон. Рехсолеб гIуцIиялъул хIалтIухъабаз бахъулеб буго тIаде тIураб хъил, махул тIасияб рахъ, хIадурлъулеб буго цIияб тIад лъезе ругел махул тIагIелал.

Аслияб кIвар буссине гьабулеб буго кьо щула гьабиялде. Специалистазул баяназда рекъон рехсолел хIалтIаби лъугIизе гьаризе хIисабалде росун руго октябрь моцIалъул ахиралде. Гьел хIалтIаби кидагосеб бербалагьиялда руго районалъул бетIер М.ТIагьировасул. Гьес рикIкIунеб буго хIалтIаби заманалда лъугIи шартI гурила, гьеб тIадегIанаб качествоялда ва гIемер соназ хIалтIулеб букIин бугила аслияб – ян.

8 СЕНТЯБРЬ – РОССИЯЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ РАХЬДАЛ МАЦIАЗУЛ КЪО

## Ясли-ахазда кIодо гьабуна Р.ХIамзатов гьавураб къо




**8 сентябрь ккола кIудияв шагIир, Дагъистаналъул чIухIи Расул ХIамзатов гьавураб къо ва гьединго гьеб къо буго Россиялъул халкъазул рахьдал мацIазул къо.**



Расул ХIамзатов вукIана жиндирго халкъалъул унго-унгояв васлъун, бихьинчилъун. Расул ХIамзатов гьавуна 1923 соналъ Хунзах районалъул ЦIада росулъ. Поэзиялда гьесул тIоцевесев учителлъун вукIана васасда рагIуде ва гIагараб ракьалъул гIадатазде рокьи бижизабурав эмен. 11 сон барав Расулица хъвана тIоцебесеб кечI ва 1932 соналъ байбихьана ракIбацIцIадго кечI хъвазе.

Гьал къоязда нилъер районалъул ясли-ахазда гьаруна т адбирал Расул ХIамзтов гьавураб къоялде ва Россиялъул халкъазул рахьдал мацIалъул къоялде хурхарал.

Тадбиразда бицунеб букIана Расул ХIамзатовасул гIумруялъул ва хъвадарухъанлъиялъул хIакъалъулъ, рикIкIана ва ахIана Расулил кучIдул, гьаруна кьурдаби ва сценкаби.

Ясли-ахазул лъималаз ретIун букIана миллияб ретIел. ГIуцIун рукIана Расулил тIахьазул выставкаби.

*15 сентябрь - Дагъистаналъул халкъал цолъиялъул къо*




## ГIемер миллатазул гъункараб цолъи

**2010 соналъул декабралда Дагъистан халкъазул III съездалда цебе лъун хал гьабуна Дагъистаналъул халкъал цолъиялъул къо кIодо гьабизе ккеялъул суал. 2011 соналъул 11 июлалда Дагъистаналъул Президентас хIукму бахъана гьеб байрам щибаб соналъул 15 сентябралда тIобитIизе.**

ГIемер миллаталъул Дагъистаналда жакъаги, нус-нус соназ цебеги букIана цоцалъ гъунки. Къварилъи - рохел тIаде бачIани миллат цIехечIого магIарулал, лъарагIал, даргинал, лезгинал ва цогидалги кумекалъе рахъине кидаго хIадурарал рукIана. Жиндирго гIадин чияр къо-къварилъи къабул гьаби дагъистаниязе букIана кIудияб тIадаб адаб, къадру. Кинаб даражаялъул ва кIвараълъул кумек гьарун рачIаниги, квербакъи гьабулаан. Нилъер цересел умумузулги рукIана кумек хIажалъун бугониги, тушман тIаде вачIунев вугониги щибаб росабазул борхалъабазда рорхун рукIана ахIи балел сиял. Гьениб бакараб цIаялъул ккуялъ лъазабулаан хехаб кумек хIажат букIин. Гьеб гIадаталъулъ бихьулеб букIана нилъер халкъазул, росабазул ва миллатазул цолъи.

Бищунго нилъер Дагъистаналъул халкъазул тарихалъулъ цолъи щулатаб букIин загьирлъана I74I соналда. I00 азаргоялдасаги цIикIкIун яргъид ккезабураб аскаргун Дагъистанги, Кавказги асир гьабизелъун Иранаалдаса цIар рагIарав рагъул бетIер Надир – Шагь вачIараб заманалъ. Цо-цо ккун асир гьарулел росабазул дандечIезе хIал гIолеб букIинчIо Дагъистаниязул. КIудияб къуваталде данде кIудияб къуват бакIаризе кколебЛъи бичIчIана ва рагъулаб къуват цолъизабизе бараб ахIи къабул гьабуна киналниги Дагъистаналъул миллатазул халкъаз. ЦIар рагIараб, къвин лъачIеб Надир-шагьил бо щущахъ биххизабуна. Халкъ цолъани гьитIинаб Дагъистанги къуркьизабизе кIолареблъи бихьана жеги хадусел тарихиял хIужабаздаги.

Дунялалда гьечIо цойгиги гьитIинаб ракьалда 60 гоялдаса цIикIкIун батIибатIияб халкъ жаниб гIумру гьабулеб бугеб бакI. Щибаб халкъалъул жидерго рукIа рахъинги, гIадатал ва жидерго мацIги буго. Гьезда гьоркьоса I4 батIияб мацIалъе пачалихъалъул абураб статус къун буго. Дагъистан ккола аза-азар соназ миллаталъухъ, гIадатазухъ балагьичIого рекъон гIумру гьабулеб цолъи, гъунки щулияб халкъалъул ракь.

15 сентябралъул байрам къо Дагъистаналда кидаго рохалида ва аваданлъиялда тIобитIула, концерталги, спортивиял къецалги, хIаялги гьорлъе рачун. Школазда, ясли-ахазда тIоритIула рагьарал дарсал, выставкаби. Цолъи къуват букIин, тарихалъул хIужабиги, мисалалги рехсон бицуна гIун бачIунеб гIелалъе. ХIакъикъаталдаги тарих нилъер бечедаб буго.

Байрам къоялда цойги нухалъ нилъеда ракIалде щвезабулеб буго миллатал гIемераб нилъер хIукуматалда цоцада гьоркьоб рекъел, адаб-хIурмат ва культурияб бечелъи кквеялде кIвар кьезе ккей. Киналго Дагъистаниязул цоцалъ гъунки ва рекъел букIин парахатаб гIумру букIиналъе къучI лъолеблъун.

АДАБИЯТ

# ГъазаваталъуI тарих ахIарав шагIир

**XIX гIасруялда магIарул адабиялталда жаниб загьирлъана пагьмуяв рагIул устар Хьаргабиса МухIамадбегил (Бегиласул) шигIрияб гьунар. Халкъалда гьоркьов кигIан жив машгьурав вукIаниги, амма гьесул гIумруялъулги поэзиялъулги хIакъалъулъ нахъе хутIун гьечIо мухIканал баянал, хасго лъалел гьечIо гIумруялъул ритIарал тарихал. «Гьесул гьавураб ва хвараб тарих жеги мухIканго чIезабун гьечIо», – ян хъвалеб буго МухIамадбегил адабияб ирсалъе тIоцебесеб гIелмияб къимат кьурав гIалимчи Бадави МухIамадовас. «Революциялда цебесеб магIарул адабиялталъул очеркал» (1961) абураб монографиялда жаниб буго МухIамадбегил гIумруялъул хIакъалъулъ баянал кьураб ва поэзиялъул мухIканаб анализ гьабураб «МухIамад-Бег» абураб кIудияб макъала.**




Гьединлъидал батIи-батIиял авторазул хIалтIабазда жанир дандчIвала шагIирасул гIумруялъулги хвалилги хIакъалъулъ цоцазда дандекколарел тарихал. Цоги гьадинаб жо абизе ккола гьаниб: жеги щаклъи хутIун буго МухIамадбегилилан абулел цо-цо асаразул авторлъун гьев вукIин. Масала, гьанже нахъа, ай 2010-абилел соназда баянлъана «ЧIохъ бахъи» абураб кочIол автор МухIамадбег гурев, ЧIохъа Абакар-хIажияв вукIин. Гьединго «Имам ГъазимухIамад чIваялъул кечI» батана хьаргабисесул гуреб, ЧIикIаса ГIеласул МухIамадица хъвараб. Гьеб кIвар бугеб суалалъул хIакъалъулъ академик ХIамзатил ХIажияс хъвалеб буго гьадин: «ГьанжелъизегIан лъугIулеб гьечIо Хьаргабиса МухIамадбегил цо-цо эпикиял асаразул авторлъиялда сверухъ дагIба-къецъ», – илан.

Баянаб букIахъе, МухIамадбег гьавун вуго Хьаргаби росулъ ГIумар абурав чиясул хъизамалда жанив ва гьесул шигIрияб хIаракаталъул заман бачIунеб буго XIX гIасруялъул 40–70 соназде. ГьитIинго бихьун буго МухIамадбегида захIматаб гIумруги лъан буго чадил кескил багьаги.

Аслияб куцалда МухIамадбегил шигIрияб гьунаралъулъ загьирлъун буго магIарул халкъалъ гьабураб, живгоги гьелъул жигарав гIахьалчилъун вукIараб, хIалуцараб гъазаваталъул заман. «Гьев лъугьана доб заманалда ккарал рагъал-кьалазул ритIухъав тарихчилъун, катиблъун, гьес гьеб наслабазе цIунула. Гьелдаго цадахъ баян гьабула тIолго халкъалъулги халкъалда жанир цIар рагIарал бахIарзазулги бихьинчилъи, къохIехьей, къуркьи гьечIолъи», – ян хъвалеб буго профессор Сиражудин ХIайбулаевасл шагIирасул поэзиялъул хIакъалъулъ.

Хьаргабиса МухIамадбегил гIумруялъул баянал, шигIрияб ирс бакIаризе, гьелъие къимат кьезе ва басмаялда бахъизе квербакъана Гиничукьа Инквачилавас, филологиял гIелмабазул кандидат БакьайичIиса Бадави МухIамадовас, ГIободаса профессор Сиражудин ХIайбулаевас, филологиял гIелмабазул кандидат МухIамадрасул Усаховас ва цогидазги.

Масала, 1930-абилел соназда Гиничукьа Инквачилавас батIи-батIиял информаторздаса хъвана «Шамилиде», «ГIалихъиличиде», «Шамилил вас ГъазимухIамадиде» абурал МухIамадбегил кучIдул.

XX гIасруялъул лъабкъоабилел соназда шагIирасул асарал ракIаризе, гьел тартибалде рачине ва гIелмияб къимат кьезе кIудияб жигар бахъана машгьурав гIалимчи, профессор С. ХIайбулаевас. Гьедин, гьес чIезабуна 1847 соналдаса нахъе ккарал чIахIиял рагъазул хIакъалъулъ хъварал «СалтIа хъала бахъи», «Хьаргаби хъала бахъи», «Гъуниб хъала бахъи», «Балал МухIамадиде» абурал асаразул авторлъун МухIамадбег вукIин. 1996 соналда С. ХIайбулаевас басмаялда бахъана Хьаргабиса МухIамадбегил асаразул «Гъазават» абураб мажмугI. Гьединго шагIирасул кучIдул басмаялда рахъана республикаялъул ва районалъул газетаздаги, «Гьудуллъи» журналалдаги, батIи-батIиял антологияздаги, мажмугIаздаги.

Цевего лъугьана МухIамадбег хрестоматияв авторлъунги. Гьесул асарал рачун руго школалъул программаялда, цIалул тIахьазда жанире ва лъазарула магIарул адабиялталъул дарсазда.

ШагIирасул гIумруялъул ва адабияб гьунаралъул кIвар бугел рахъал баян гьаруараб цо хабар хутIун буго халкъалда жаниб. 1847 соналда Хьаргаби росулъ гIасияб рагъ унеб мехалда, ИпутIа магIарда вукIарав Шамилимамасе хIажат букIуна сверун ккун бугеб Хьаргаби росулъе, Идрис-наибасухъе кагъат щвезабизе. Гьеб букIана 1843 соналъул хасалихълъи. Гьеб ишалъе витIарав чанго муридги чIван, къваригIун вукIуна тIадкъай тIубазабун бажарулев, бакIалъул ахIвал-хIал лъалев чи. Имамасул тIадкъай тIубазе тIаде босун буго цIцIаназда вехьлъун вукIарав МухIамадица. Гьебмехалда гьев вукIун вуго гIумруялъул анцIила цо сон барав вас.

Жиндаго гурони лъаларел сухъмахъаздасан ун, тIадкъайги тIубан, МухIамад вуссиндал, имамас гьесда абун бугила, мун МухIамад вукIун гьечIин, МухIамадбег вукIун вугилан.

Гьелдаса хадуб гьесда рекIун буго гьеб цIарги. Цогиги, Шамилица гьесие сайигъаталъе кьун буго хъахIилаб исхъалидул чухъаги. МухIамадбегица имамасда гьарун бугила жив рагъухъабазда цадахъ бодулъ тейилан, ва имамас гьесул гьариги къабул гьабун буго. Гьелдаса нахъе хисула гьесул гIумруги, асаразул магIнаги, хаслъиги.

МухIамадбег лъугьуна доб заманалда ккаралщинал рагъал-кьалазул ритIухъав тарихчилъун, катиблъун ва жиндирго шигIрабазда жаниб гьес гьеб наслабазе цIунула. Гьезул аслиял темабазул цояб букIуна магIарул халкъалъулги халкъалда жанир цIар рагIарал бахIарзазулги бихьинчилъи, къохьей ва къуркьи гьечIолъи.

МагIарулазул къеркьеялъул гIаммаб, тIубараб баян МухIамадбегица загьир гьабун буго «Шамилил къисмат» абураб къасидаталъулъ:

**Кьабилин, гъурилин, гъаза гьабилин,**
**Гьаб жакъа кьваридас къо хIехьелаян,**
**ХIинкъун вагъарасе гъазават гьечIин,**
**ГъазимухIамаца хвалчен борчана.**

Имам Шамил асир гьавуралдаса анцIила микьго лъагIел ун хадуб, 1877 соналда Дагъисталалда байбихьана Къокъаб (Хъанда) шаригIат. ЦIидасан чIаголъана МухIамадбегилъ ватIан эркенлъиялдеги тархъанлъиялдеги божи. Гьес хитIаб гьабула халкъалда гьоркьор машгьурал, гIурус пачаясул хъулухъазда ругел наибзабазде – Хунзахъа ГIалихъиличидеги ХIоцоса Доногъонил МухIамадидеги, умумузул ракьги, тарихги, эркенлъиги цIунун цебехъанльи гьабизе тIаде рахъаян, тушбабазулгун гьоркьоблъиги рехун теян.

Гьезда жидедаго бихьулеб букIаниги, гьес бицуна халкъалда бугеб зулмуялъул кутакалъул, гIадамазул бугеб къварилъиялъул, къо бухIиялъул, талихIкъеялъул хIакъалъулъ:

**РухI лъураб хIайванги хIайранго буго,**
**ХIапулеб гьоеги нилъ рокьуларо.**
**Умумул лъаларел лъималазухъа**
**ЛъагIел данде щведал, харж кьей абула.**

Хехго лъугIана Къокъаб шаригIатги, рухIана росабиги, чIвана, кварида ран гъанкъана, Сибиралде ритIана сахал, зулмуялде данде рахъарал яхI-намус бугел бихьиналги. ШагIирасул анищги божилъиги гIумруялде бахъине хъван букIун гьечIо. Гьеб ахIвал-хIалалъ МухIамадбег цIакъ пашман гьавула, гьесул ракI буссуна дунялалдаса:

**КъватIив лъугьинаро, болъ вачIинаро,**
**БагIараб исхъали чIегIер бельина.**
**ЧIегIер лажбар биччан, гIодобе лъеян,**
**ХвегIан халват гьабун, чIела дун жанив.**

Хьаргабиса МухIамадбегил ирсалда тIад гьанжелъизегIан гьабун гьечIо букIине кколеб гIелмияб хIалтIи. Гьелъул хIасилалда жеги кодоре щвечIо гьесул гIемерисел асарал, щваразул гьабун гьечIо атрибуция ва цогидабги. Амма, гьеб киналъухъго балагьичIого, шагIирасул нахъе хутIун ругел гьайбатал, жиделъ гъазаваталъул рагъал ахIарал асаразулъ цIунун, аманат гьабун тун буго хадусел наслабазе бечедаб бахIарчияб тарихги, умумузул гIамал-хасиятги, багьадурзабазул цIаралги.

АхIмад МУРТАЗАГIАЛИЕВ

# Правила поведения населения при лесных пожарах



**Лесные пожары - это стихийные бедствия, охватывающие, как правило, обширные территории в несколько сотен, тысяч гектаров. Опасность лесных пожаров для людей связана не только с прямым действием огня, но и большой вероятностью отравления из-за сильного обескислороживания атмосферного воздуха, резкого повышения концентрации угарного газа, окиси углерода и других вредных примесей.**

## Если горит лес:

Лесные пожары опасны не только тем, что гибнут деревья, звери, птицы, насекомые, часто жертвами огненной стихии становятся люди, серьезный ущерб наносится сельскохозяйственным объектам и населенным пунктам.

Наибольшее количество очагов возгорания происходит в мае - июне после схода снега при установлении сухой погоды, когда новый травя ной покров еще не образовался, а также из за интенсивного пала прошлогодней травы. Вто рой всплеск активности происходит в июле — августе, в связи с установлением сухой погоды.

Лесной пожар – неконтролируемое горение растительности, в том числе древесной, приводящей к опустошению местности, гибели животных и растений. Лесные пожары – распространяются с огромной скоростью и легко переходят через широкие реки, озера, дороги. Могут вызвать возгорание зданий в населенных пунктах, деревянных мостов, линий электропередачи и связи, складов нефтепродуктов и других сгораемых материалов, а также становятся причиной гибели и травмирования людей.

## Лесные пожары происходят:

По вине людей, оставляющих непотушенные костры или окурки в местах отдыха.

Вследствие игры детей с огнем.

При сжигании мусора владельцами дач и садовых участков вблизи лесопосадок.

При ударе молнии.

При самовозгорании торфяника.

## Помните!

До 90% лесных пожаров возникает по вине людей из-за нарушения населением правил пожарной безопасности при обращении с огнем. В пожароопасный сезон в лесу гражданам, посещающим лесные массивы, ЗАПРЕЩАЕТСЯ:

- пользоваться открытым огнем;
- использовать на охоте пыжи из легковоспламеняющихся или тлеющих материалов;
- оставлять промасленный или пропитанный горючими веществами обтирочный материал;
- заправлять горючим баки двигателей, использовать неисправные машины, курить или пользоваться открытым огнем вблизи машин, заправляемых горючим;
- оставлять бутылки или осколки стекла, так как это может послужить причиной возникновения возгорания;
- выжигать траву под деревьями, на лесных полянах, а также стерню на поля;
- разводить костры в хвойных молодняках, на торфяниках, лесосеках, в местах с сухой травой, под кронами деревьев, а также на участках поврежденного леса.

**В пожароопасный сезон гражданам, имеющим садовые участки необходимо:**

- иметь противопожарный инвентарь, приставную лестницу; постоянно иметь запас воды на своих участках не менее 200л.;
- не допускать складирования сгораемых материалов с противопожарными разрывами между участками;
- дороги, проезды и подъезды к домам должны содержаться в исправном состоянии и свободными для проезда пожарной техники;
- организовать в коллективных садах круглосуточное дежурство с целью своевременного обнаружения возгораний.

**Действия населения при приближении лесного пожара к населенному пункту или отдельным домам:**

Необходимо увеличить противопожарные разрывы между лесом и границами застройки путем вырубки деревьев и кустарников;

Вспахать широкие полосы вокруг населенного пункта и отдельных строений

Создать запасы воды и песка.

**При нахождении в зоне возникновения лесного пожара, на торфянике следует помнить:**

Если пожар только начинает разгораться, необходимо сбить пламя метелкой и веток, затаптывать небольшой огонь ногами, не дать ему перекинуться на стволы и кроны деревьев;

Необходимо предупредить всех находящихся вблизи людей о необходимости выхода из опасной зоны;

Если пожар потушить своими силами невозможно, то от низового пожара можно уйти, идти необходимо в наветренную сторону, перпендикулярно кромке пожара, по просекам, дорогам, полянам, берегам ручьев и рек;

При возгорании торфяного болота воспрещается самостоятельно тушить пожар, необходимо обойти его стороной.

ЗАПОМНИТЕ: при тушении торфяного пожара в зоне горения могут образовываться глубокие воронки, поэтому передвигаться следует осторожно, предварительно проверив глубину выгоревшего слоя.

Необходимо выйти на дорогу или просеку;

Выходить из опасной зоны надо быстро, перпендикулярно движению огня;

Вал низового огня лучше преодолеть против ветра;

Если невозможно уйти от пожара, войдите в водоем или накройтесь мокрой одеждой.Прикройте органы дыхания платком или шарфом (предварительно смочив водой);

После выхода из зоны пожара сообщите о месте и характере пожара в администрацию населенного пункта, местному населению, в лесничество, противопожарную службу.

**При приближении лесного пожара к животноводческим фермам необходимо:**

Быстро эвакуировать животных из помещений;

Эвакуацию проводить с учетом вида животных;

Эвакуированных животных привязать или разместить в загоне или в другом помещении, чтобы они не разбежались и снова не попали в очаг пожара;

При эвакуации животных не проявлять торопливость и нервозность, чтобы не вызвать беспокойство животных.

**При приближении лесного пожара к садоводческим участкам и населенным пунктам необходимо:**

Слушать передачи местных информационных средств о пожаре;

Закрыть все вентиляционные отверстия дома;

Закрыть все наружные двери и окна;

В ДОМЕ: наполнить водой ванны, раковины и другие емкости;

Снаружи наполнить все бочки и ведра;

Приготовить мокрые тряпки, для тушения углей или небольшого пламени;

При приближении огня обливать крышу и стены дома водой;

Постоянно осматривать территорию дома и двора в целях обнаружения тлеющих углей или огня.

**Начальник ОНД и ПР № 16 по Гунибскому, Гергебильскому, и Чародинскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по РД ОМАРОВ Н.Г.**

**Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"**
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**
**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**
Отпечатано в типографии ООО «Лотос», пр-т Насрутдинова, 61.
Претензии к качеству печати принимает типография.
Заказ № ________. Тираж 700 экз.

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола авторaз.**
**Гъединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

Подписано в печать 10 сентября 2026 г. в 22:00.
По графику — 22:00.
**Индекс 51350. Цена свободная.**